



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY SUNY AK CUNY YO DWE EGZIJE
VAKSINASYON POU TOUT ETIDYAN K AP PATISIPE NAN KOU AN PÈSÒN YO
PANDAN OTÒN SA A**

Gouvènè a ankouraje tout kolèj prive yo pou yo egzije vaksinasyon

Yo administre 112,150 dòz nan dènye 24 èdtan yo

Yo te bay prèske 1.1 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

Tablodò Vaksen an te mete ajou chak jou sou pwogram vaksinasyon eta a [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse konsèy SUNY ak CUNY yo pral egzije prèw vaksinasyon pou tout etidyan k ap patisipe nan kou an pèsòn yo pandan otòn sa a, e li ankouraje tout inivèsite ak kolèj prive yo pou yo adopte menm enstriksyon yo. Yo te bay 112,150 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay prèske 1.1 milyon dòz nan sèt dènye jou yo.

"Plis pase 60 pousan nan popilasyon an isit la nan New York deja pran omwen yon dòz nan vaksen an, men nou rete agresif nan efò nou yo paske reyalite a se ke nou ap konstate yon bès nan to vaksinasyon an pa sèlman isit la nan eta nou an men nan tout peyi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pa gen okenn agiman reyèl kont vaksen an, e pa gen okenn eskiz pou pa pran vaksen ou an. Vaksen sa a se zam ki pral ede nou genyen lagè kont COVID la, e kidonk mwen ankouraje tout moun ki toujou bezwen pran li pou fè sa rapid nan youn pami anpil sit nou yo toupatou nan eta a."

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Vizit san randevou yo rezève pou premye dòz yo sèlman epi dezyèm dòz yo dwe pwograme otomatikman apre administrasyon premye piki a. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou pou Nouyòkè ki elijib yo. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite vaccines.gov pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 16,826,409

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 112,150

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,092,045

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 60.2%

Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki gen seri vaksen yo konplete - 48.9%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 48.4%

Pousantaj nan tout Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 39.1%

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	570,141	1,774	473,147	5,150
Central New York	463,866	1,136	404,444	2,661
Finger Lakes	582,580	1,397	491,612	3,637
Long Island	1,246,916	6,294	963,616	9,484
Mid-Hudson	1,024,084	3,481	806,014	8,990
Mohawk Valley	227,642	434	195,654	1,459
New York City	4,413,593	15,781	3,523,865	45,891
North Country	209,535	237	188,694	588
Southern Tier	301,897	707	256,966	1,768
Western New York	621,690	1,909	500,496	4,724
Nan tout Eta a	9,661,944	33,150	7,804,508	84,352

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1	163,650	0	163,650	163,650

Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20				
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Doses arriving 12/28 - 1/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 1/04 - 1/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 1/11 - 1/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 1/18- 1/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 1/25 - 1/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 2/01 - 2/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 2/8 - 2/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 3/01 - 3/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 3/08 - 3/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 3/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 3/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050
Semèn 16 Dòz k ap vini nan dat 3/29 - 4/04	819,800	569,905	1,389,705	11,925,755
Semèn 17 Dòz k ap vini nan dat 4/05 - 4/12	1,068,455	658,770	1,727,225	13,652,980

Semèn 18 Dòz k ap vini nan dat 4/12 - 4/18	763,825	774,825	1,538,650	15,191,630
Semèn 19 Dòz k ap vini nan dat 4/12 - 4/18	738,340	507,620	1,245,960	16,437,590
Semèn 20 Doses arriving 4/19 - 5/02	757,005	662,790	1,419,795	17,857,385
Semèn 21 Dòz ki te rive ant 5/03 - 5/09	451,100	556,950	1,008,050	18,865,435

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib a.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)